

Ki gid sa a ye?

Dokiman aprantisaj sa a reyalize kòm yon pati nan pwojè Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks Iben Frajil ak Afekte pa Konfli (SoCap). Li dekri etap kle nan etablisman yon pwosesis revizyon rechèch ki baze sou kominote (CRP). Li vini ak yon dokiman rechèch piblik ki bay plis enfòmasyon sou bezwen ak rezon ki fè CRP yo ye, ansanm ak bon pratik ak pyèj prensipal pou evite ([link](#)).

Pou ki moun gid sa a ye?

Gid sa a se pou itilizasyon teknik Concern, pwogramasyon ak aprantisaj staff, ansanm ak pwofesyonèl rechèch yo angaje avèk yo, k ap chèche ranfòse rekonesans pwopriete kominote a nan pwojè rechèch yo.

Ki sa CRP yo ye?

CRPs yo se yon fòm revizyon etik ki enplike kominote kote rechèch la ap fèt. Yo fè pati yon pakèt apwòch patisipatif ki chèche kolaborasyon ak patenarya ak kominote yo olye pou angaje nan rechèch sou oswa nan kominote yo.

Poukisa CRP yo benefik?

CRPs yo ka ede 1) asire kontribisyon kominote a nan konsepsyon pwojè rechèch la, tankou lè yo korije dezekilib pouvwa ki souvan genyen ant chèchè ak sou sila rechèch la pote a; 2) pwoteje manm kominote a epi minimize domaj; 3) ankouraje responsablite kominote a sou rezilta yo, asire ke konesans ki pwodui a enpòtan epi itil pou kominote a; 4) rekonèt ak sipòte ekspètiz kominote a; epi 5) amelyore fezabilite.

APÈSI

Gen 10 etap pou sipòte etablisman oswa fonksyònman yon CRP:

1. Idantifye kiyès ki "kominote a";
2. Etabli kontak ak moun ki gen enterè kle ke kominote a fè konfyans;
3. Asire entèpretasyon ak tradiksyon;
4. Prezante plan rechèch la epi angaje nan dyalòg ak kominote a;
5. Bay kominote a tan pou konsidere pwojè a;
6. Chèche konsantman enfòm ak aktif nan nivo kominote a ak nan nivo endividyèl;
7. Fòmalize yon akò chèchè-kominote;
8. Idantifye yon ekip teknik pou jesyon ak analiz done yo;
9. Revize bidjè a epi asiye resous fleksib kòm sadwa;
10. Angaje nan yon revizyon kontinyèl atravè fidbak ak swivi.



01 IDANTIFYE KI MOUN KI 'KÒMINOTÈ A

Idantifye ki moun ki nan kominote a ki pral patisipe nan rechèch la. Chèchè yo ta dwe konsidere:

1. Anplasan – èske kominote a defini jewografikman kòm yon vilaj, yon katye, oswa yon zòn?
2. Pèp – ki moun ki fòme kominote a an tèm de gwoup kle oswa demografik? ak
3. Pouvwa – ki moun nan kominote vize a ki nan pozisyon otorite? Ki moun ki majinalize, tradisyonèlman eskli nan pran desizyon, ak/oswa ki fè twòp rechèch sou li? Ki mezi ki ka pran pou asire angajman kominotè a enklizif epi li reflekte dinamik sa yo?

02 ETABLI KONTAK AK MOUN KI GEN ENTERÈ FYAB YO

Angaje avèk moun ki gen enterè kle fyab e ki gen relasyon ki dire lontan avèk kominote ki idantifye yo, ki manm kominote a fè yo konfyans, epi ki gen anpil konesans sou kontèks la. Sa yo ka manm ekip rechèch la dirèkteman, ak/oswa lidè oswa reprezantan kominote a ke ekip rechèch la oswa anplwaye ou ke Staff Concern yo gen koneksyon avèk yo.

03 ASIRE ENTÈPRETASYON AK TRADIKSYON

Anvan ou angaje w dirèkteman avèk kominote yo, idantifye entèprèt ak tradiktè jan sa nesèsè pou sipòte kominikasyon pwojè a. Tout materyèl pwojè a ak dyalòg avèk kominote a ta dwe fasilite atravè 1) lang ak vokabilè kominote a prefere; ak 2) fòma aksesib ak apwopriye ki pran an kont faktè tankou alfabetizasyon, imaj ki apwopriye pou kilti ak konsiderasyon ki gen rapò. Ta dwe gen yon dyalòg ak fidbak kontinyèl sou mòd kominikasyon ki apwopriye ak aksesib epi ekip rechèch la ta dwe ouvè pou adapte metòd kominikasyon yo kòm sadwa.

04 PREZANTE PLAN RECHÈCH AK ANGAJE NAN DYALÒG AK KÒMINOTE A

Organize reyinyon regilye avèk manm kominote a pou diskite sou aspè kle nan pwojè a, tankou konsepsyon pwojè yo pwopoze a, epi pita, aplikasyon an, ak rezilta yo. Angajman inisyèl avèk manm kominote a ta dwe etabli plan rechèch jeneral yo, men sa yo ta dwe ase fleksib pou asire ke pèspektiv kominote a, ak potansyèl pou inovasyon atravè revizyon kominote a, ka entegre. Olye pou yo prezante rechèch la nan yon fason ki yon sèl bò, chèchè yo ta dwe prepare pou lidè oswa reprezantan kominote a dirije oswa modere dyalòg la pou kontribye nan yon echanj ki pi ekkitab. Pran rapò reyinyon yo epi kenbe yon dosye sou sa ki te diskite yo.

Rapò reyinyon yo ka anrejistre atravè fòma ekri oswa odyo sijè a konsantman moun ki enplike yo, epi tou depann de sa kominote a jije kòm fòma ki pi apwopriye a.

05 BAY ANPIL TAN POU CRP A KONSIDERE SI PWOJÈ A DIRAB

Ta dwe gen ase tan pou kominote a entegralman konsidere si pwojè yo pwopoze a dirab. Anvan yo dakò pou kontinye nan pwochen faz la, manm kominote yo ta dwe konsidere kesyon sa yo:

- Èske rechèch yo pwopoze a aliyen ak priyorite rechèch kominote nou an tabli yo?
- Èske kominote a gen kapasite pou patisipe nan rechèch sa a kounye a epi pandan tout dire pwojè a? Pa egzanp, èske resous kominote a – tan, ekspètiz ak kontribisyon – deja angaje oswa twò etann/chaje nan lòt inisyativ oswa pwojè rechèch?
- Ki potansyèl pwojè yo pwopoze a genyen pou fè mal nan kominote a, e ki moun? Ki potansyèl pwojè yo pwopoze a genyen pou benefisye manm kominote a, e ki moun ki ta ka afekte?
- Ki sa nou panse ki ki enpòtan pou mete aksan sou nan yon revizyon etik rechèch kominotè?
- Ki jan yon revizyon kominotè ta dwe diferan de yon revizyon enstitisyonèl?

06

CHACHE KONSANTMAN ENFÒME AK AKTIF, NAN NIVO KÒMINOTÈ AK NIVO ENDIVIDYÈL YO

Adopte yon apwòch etap pa etap pou konsantman enfòme. Sa enplike jwenn konsantman nan men plizyè gwoup sou plizyè nivo nan plizyè etap, pa:

1. Detèmine ki moun ki gen otorite pou bay konsantman nan non kominote a pou kontinye ak pwojè rechèch la nan kominote a, tankou lidè kominote yo oswa reprezantan ki soti nan diferan gwoup yo (gade pwen ki anwo yo konsènan reprezantan kominote yo);
2. Jwenn konsantman enfòme nan men reprezantan sa yo;
3. Idantifye ki moun nan kominote a ki pral patisipe dirèkteman nan rechèch la (pa egzanp, reponn a sondaj, patisipe nan entèvyou);
4. Chèche konsantman enfòme nan men moun sa yo dirèkteman anvan yo kòmanse rechèch la;
5. Kontinye chèche konsantman nan nivo kominotè ak endividyèl detanzantan pandan etid la ap pwogrese, e espesyalman nan nenpòt ki pwen lè zouti yo revize ak redeplwaye.

07

FÒMALISE YON AKÒ ANT CHECHÈ AK KÒMINOTE

Etabli yon akò fòmèl ant manm kominote a ak chèchè yo. Akò a ta dwe asire ke tout moun ki enplike nan etid la konprann byen klè wòl yo, sa yo atann de yo, epi poukisa kontribisyon yo nesèsè e enpòtan. Pandan ke sa ka fè pati apwòch rechèch patisipatif jeneral yo pi lajman, yon akò ki devlope atravè oswa enfòme pa yon pwosesis CRP ap gen dimansyon etik espesifik.

Akò a ta dwe etabli byen klè:

- Ki moun k ap fè etid la;
- Objektif rechèch la;
- Dimansyon rechèch la – rive jewografik, dire, a metòd ki pral itilize;
- Pati ki nan akò a ak responsablite yo, ki gen ladan deskripsyon wòl klè; Detay sou angajman etik yo i) konsantman; ii) konfidansyalite; iii) pwoteksyon; ak iv) pa fè mal;
- Risk etik yo te idantifye nan konsepsyon rechèch la ak kijan yo te minimize yo;
- Ki lè reyinyon peryodik yo pral fèt ak kominote a pou bay mizajou, adrese kesyon oswa enkyetid, ak/oswa entegre fidbak kominote a;
- Detay sou pwopriyete done etid la ak kijan yo pral jere li; • Kijan rezilta yo pral difize nan yon fason etik ak siyifikatif;
- Ki pwosesis responsablite ak rezolisyon dispit ki an plas pou tout moun ki enplike yo;
- Nenpòt lòt bagay ke kolaboratè kominote a jije enpòtan ak apwopriye.

Moun ki enplike nan pwojè a ta dwe deside fòma akò a ansanm. Pa egzanp, li ka pran fòm yon akò alekri; reyinyon regilye pou etabli konsantman aktif, enfòme ak kontinyèl, oswa fòma melanje (sa vle di fòma alekri ak oral).

Kolaboratè kominote yo ta dwe mande: Èske akò chèchè-kominote a jis an tèm de pataj benefis, rezilta pwojè a, ak plan pou fè ak difize rechèch? Tout moun ki enplike nan etid la ta dwe gen aksè a akò a epi yo ta dwe konprann byen klè sa ki ladan l.

08 IDANTIFYE YON EKIP TEKNIK POU JESTYON AK ANALIZ DONE

Metè direktiv nan akò rechèch la sou jesyon, depo, aksè a, ak analiz done rechèch yo. Kote sa apwopriye, sa ka konplete ak fòmasyon pou chèchè kominote k ap travay ak done sansib. Kolaboratè kominote yo ka chwazi etabli yon ekip teknik ki gen wòl pou travay dirèkteman ak done pwojè a, metè analiz ak rezilta yo an fòm. Nan ka sa a, travay ak lidè kominote yo pou idantifye ansanm manm kominote yo pou ekip teknik la ki pral kontribye nan jesyon ak analiz done yo.

09 REVIZE BIDJÈ A EPI RESOUS FLEKSIB KI ALWE YO AN KONSEKANS

Nan limit posib, ekip rechèch la ta dwe adopte yon bidjè ki gen ase fleksibilite pou akomode bezwen kominote a idantifye, tankou depans tankou anbochaj manm kominote a kòm pèsònèl, ak bay alokasyon oswa ranbousman pou depans patisipasyon. Sa ka enplike previzyon bidjè pou alokasyon, vwayaj, manje, swen timoun, pami lòt depans, jan kolaboratè kominote a jije sa apwopriye pou kilti ak kontèks la. Manm kominote yo ta dwe patisipe nan etablisman bidjè pwojè a.

10 ENGAGEPOU YON REVIZYON KONTINI A TRAVÈ FIDBAK AK SWIVI

Chèchè yo ta dwe planifye patisipasyon kominote a nan chak etap rechèch la. Sa ta dwe enplike enkòpore opòtinite pou yon gwo patisipasyon kominote a; kominikasyon regilye, dyalòg ak reyinyon; responsablite mityèl; transparans; ak opòtinite pou swivi. Pou pwojè alontèm yo, pwogram 'odit etik' pèmanan pou revize ansanm risk etik yo, estrateji ki egziste deja pou jere yo, ak respè angajman etik yo, ta dwe fè pati delè estriktire pwojè a. Chak fwa sa posib, swivi a ta dwe pwolonje pi lwen pase sik lavi pwojè a.

Manm CRP yo ta dwe konsidere si rechèch ki pwopoze a aliyan ak priyorite rechèch kominote yo a tabli. Ki moun ki gen chans pou benefisyè, e ki potansyèl pou domaj? Manm yo ta dwe mande: Èske akò chèchè-kominote a jis an tèm de pataj benefis, rezilta pwojè, ak plan pou fè ak difize rechèch?

APÈSI SOU YON PWOSESIS CRP AN PRATIK

Jessica Hsu ak Robi Louino ko-dirije aplikasyon pwojè SoCap la nan Site Soleil, Ayiti ansanm ak Gwoup Konbit. Gwoup Konbit (**lyen**) se yon mouvman sosyal ak platfòm Ayisyen ki fasilite koneksyon, pataj resous, ak echanj konesans ant lidè ak gwoup ki defann prensip konbit yo.

Konbit se yon fòm travay kolektif tradisyonèl ak istorik ki anrasinen nan èd mityèl ak solidarite - yon konsèp pwisan an Ayiti ke Gwoup Konbit te eksplwate nan bati mouvman li a.

Nan premye etap pwojè SoCap la, ekip la te etabli yon pwosesis CRP pou asire priyorite, enkyetid, dwa ak pwoteksyon kominote a te nan sant etik rechèch pwojè a. Anba a, yo dekri pwosesis pou mete kanpe yon CRP nan Site Soleil kòm yon pati nan pwojè SoCap la:

K: Èske ou ka dekri background Gwoup Konbit la ak kijan sa te enfluyanse mete kanpe yon CRP kòm yon pati nan pwojè sa a?

Gwoup Konbit deja konpoze de jèn lidè sosyal. Se yon mouvman sosyal. Sa a se fondasyon pou konprann - kiyès ki kiyès, ki reyalyte lokal yo, kiyès ki lidè yo? Gwoup Konbit li menm te deja, menm anvan pwosesis sa a, ap travay pou konprann ak sipòte fòs kominote a. Sa fè anviwon senk ane depi n ap elabore 'Konbit' kòm yon zouti devlopman kominotè, kidonk sa vrèman mete nou nan yon plas kote nou te pare pou chanje pou eseye nouvo apwòch. Youn nan lòt valè Gwoup Konbit se entèdepandans. Nou gade pwosesis la kòm yon entèdepandans - ekip rechèch la, CRP a, lòt patnè yo - nou tout entèdepandan.

K: Èske ou ka dekri manm CRP a pou pwojè SoCap la?

Gen anviwon 20 moun nan CRP a, 6 oswa 7 ladan yo se fanm. Nou asire nou ke nou gen lidè ki soti nan tout domèn. Yo se lidè ki deja gen eksperyans. Pa egzanp, yon manm se yon reprezantan otorite lokal la; yon lòt se yon pastè; rès yo se lidè òganizasyon nan kominote yo.

K: Ki enpòtans li te genyen pou pran an kont relasyon pouvwa ak dinamik ki genyen nan kominote a lè y ap mete sou pye CRP a?

Se te premye priyorite nou. Site Solèy se yon ti kote epi li trè konplèks. Chak blòk separe pa yon baryè envizib ke ou pa ka wè, men li la. Nou dwe enplike yon moun nan chak kominote, epi pran chak kominote nan pwòp kontèks li. Nou te bati CRP a, e menm ekip teknik nou an, alantou diferan tansyon ak balans - kit se lang oswa lajan, elatriye. Nou toujou ap mande tèt nou: kijan nou navige dezekilib aksè, pouvwa, ak kèlkeswa sa li ta ka ye.

K: Ki kalite kontribisyon CRP a te bay lè li te rive devlope, teste ak apwouve plan ak zouti rechèch?

Lè nou t ap prezante ak teste kesyon yo bay CRP a, epi se yon gwoup moun ki vrèman fè youn lòt konfyans. Sa ki te tèlman enteresan se te repons yo - manm CRP yo te bay kèk pèfòmans alantou sa yo te prevwa defi yo t ap genyen nan kominote yo menm, sa yo te konnen nou t ap rankontre lè nou poze kesyon yo. Nou teste kesyon yo men yo kesyone nou tou, di bagay tankou - Kisa ou te pote pou mwen jodi a? Kijan sa pral itil pou kominote mwen an? Yo te tèlman enpòtan. Li te prepare nou - lè ou rive nan kominote a, moun ap poze kalite kesyon sa yo. Yo te ensiste tou sou pwomès. Nou gen kèk pwomès nou dwe kenbe - pa egzanp, papye rechèch la ap retounen ba yo, se yon pwomès. Li pral an kreyòl, se yon pwomès. Sa a se pa sèlman yon pwomès, se yon reyalyte: yo se mèt rechèch la.

LEKTI ANPLIS

Brunger, F. and Bull, J. (2011) 'Whose agenda is it? Regulating health research ethics in Labrador', *Études/Inuit/Studies*, 35(1/2), pp. 127-142.

del Campo, F.M. et al. (2013) 'The Development of the Bronx Community Research Review Board: A Pilot Feasibility Project for a Model of Community Consultation', *Progress in Community Health Partnerships*, 7(3), pp. 341-52.

Cross, J.E., Pickering, K. and Hickey, M. (2015) 'Community-Based Participatory Research, Ethics, and Institutional Review Boards: Untying a Gordian Knot', *Critical Sociology*, 41(7-8), pp. 1007-1026. Available at: <https://doi.org/10.1177/0896920513512696>.

Glass, K.C. and Kaufert, J. (2007) 'Research Ethics Review and Aboriginal Community Values: Can the Two be Reconciled?', *Journal of Empirical Research on Human Research Ethics*, 2(2), pp. 25-40. Available at: <https://doi.org/10.1525/jer.2007.2.2.25>.

Kwan, C. and Walsh, C.A. (2018) 'Ethical Issues in Conducting Community-Based Participatory Research: A Narrative Review of the Literature', *The Qualitative Report*, 23(2), pp. 369-386.

Shore, N. (2007) 'Community-Based Participatory Research and the Ethics Review Process', *Journal of Empirical Research on Human Research Ethics: An International Journal*, 2(1), pp. 31-41. Available at: <https://doi.org/10.1525/jer.2007.2.1.31>.

Konsènan pwojè SoCap

Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks iben ki Frajil ak Afekte pa Konfli (SoCap) se yon pwojè rechèch ki dire twa ane, ki jwenn finansman nan men Irish Aid epi ki fèt an patenarya ak Concern Worldwide. Li analize de fason sistematik entèraksyon ki genyen ant kapital sosyal, rezilyans, anviwònman iben, ansanm ak sitiyasyon konfli ak frajilite pami popilasyon iben ki sou kote an Ayiti, nan Somali ak Somaliland

Rechèch sa a, ki itilize metòd melanje, vize konprann kijan mekanis ki fè kapital sosyal vin tounen rezilyans pou gwoup iben ki sou kote yo ap ankouraje oswa bloke, pou idantifye zouti pratik pou aktè operasyonèl ak politik yo.

Ekip rechèch la gen ladan Jessica Hsu ak Robillard Louino, Gwoup Konbit, Ayiti ; Manar Zaki ak Brenton Peterson, Consilient, Somali ak Somaliland ; Dr Kelsey Gleason, University of Vermont; Dr Ronak Patel, Nova Frontlines; ansanm ak Dr Caitriona Dowd ak Dr Kelsey Rhude, University College Dublin. Ekip la remèsye Jothsaina Pierre pou sèvis tradiksyon.

Lide yo, opinyon ak kòmantè ladan l yo se antyèman responsablite otè li yo epi yo pa nesèsman reprezante oswa reflekte politik Irish Aid.

Kijan pou site piblikasyon sa a:

Hsu, Jessica, Robillard Louino, Kelsey Rhude, Ronak Patel, Kelsey Gleason and Caitriona Dowd. (2025). Community-Based Research Review Processes. SoCap Learning Note No. 1.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè SoCap la, tanpri vizite [For more about the SoCap project, please visit https://www.concern.net/knowledge-hub/social-capital-and-resilience-fragile-and-conflict-affected-urban-contexts](https://www.concern.net/knowledge-hub/social-capital-and-resilience-fragile-and-conflict-affected-urban-contexts)

